



bokkul ci nun kiy mbej ñiy mbej lex ya, di xotti kaw yére ya, di woote wooteg ceddo ya

Jële nañu ci Abdallah Ibnu Mashuud mu wax ne : Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na : "bokkul ci nun kiy mbej ñiy mbej lex ya, di xotti kaw yére ya, di woote wooteg ceddo ya".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day tere di moytandikuloo yenn jëfi ceddo yi, mu wax ne: bokkul ci nun: Ki ci njëkk: kiy mbej lex ya, dafa jagleel lex cig tudd ndax li mu not ci loolu, waaye dóor yi des ci kanam gi it day dugg ci tere gi. Ku Ñaareel ki: kiy xotti baatu mbubam ngir tarug njàqare ga. Ku Ñatteel ki: kiy woote wooteg ceddo ya niki di woo alkande ak toroxtange, ak di yuuxu, ak woo naqar ak yeneen.

<https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5380>

